



Pou Piblikasyon Imedya: 03/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

ANVAN FÈT 4 JIYÈ A, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN "LWA KOMEMORATIF SÈJAN GARY BEIKIRCH" POU ONORE VETERAN EWOYIK VYETNAM AK TOUT LÒT NOUYÒKÈ KI TE RESEVWA MEDAY ONÈ KONGRÈ A POUTÈT YO SÈVI NASYON NOU AN

Lejislasyon (A.3305-B/ S.5521-A) pral pèmèt konjwen benefisyè Meday Onè Kongrè a aplike pou plak machin diferan, transfè plak machin diferan pou benefisyè meday onè moun ki mouri yo bay konjwen sivivan yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a li te siyen "Lwa Komemoratif Sèjan Gary Beikirch", lwa ki ogmante elijibilite pou plak machin espesyal yo bay benefisyè Meday Onè Kongrè a pou mete konjwen yo. Lejislasyon (A.3305-B/ S.5521-A) pral pèmèt konjwen benefisyè Meday Onè Kongrè a pou aplike pou plak machin diferan epi transfere plak machin benefisyè meday moun ki mouri yo bay konjwen sivivan yo. Lwa a pral asire ke konjwen moun ki te resevwa Meday Onè Kongrè a ka komemore sèvis ak sakrifis gason ak fanm vanyan yo te marye ak yo.

"Gason ak fanm vanyan ki te resevwa Meday Onè Kongrè a te ale pi lwen pase apèl devwa a nan sakrifye yo pou nasyon yo, epi yo merite pou yo byen onore yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou pwolonje opòtinite pou montre plak machin espesyal sa yo bay manm fanmi moun ki onore yo, n ap pran yon lòt etap ankò pou montre apresyasyon nou pou kouraj, ewoyis, ak aksyon dezenterese militè nou yo."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Benefisyè meday onè yo se pami pi gwo ewo nan peyi nou an, epi li enpòtan pou fanmi yo gen pèmisyon pou montre fyète yo. Mwen te pote pwojè lwa sa a nan onè benefisyè meday onè lokal, Sèjan Gary Beikirch, nan espwa ke fanmi l ap pèmèt yo montre fyète yo, epi kenbe memwa li vivan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan Lejislati Eta a pou sipò yo pou pwojè lwa sa a".

Manm Asanble Sarah Clark te deklare, "Meday Onè Kongrè a se pi gwo onè militè nasyon nou an. Sèjan Gary Beikirch te resevwa Meday Onè Kongrè a an 1973 paske li te ede militè Ameriken ki te blese yo pandan li te blese li menm nan Vyetnam. Sèjan Beikirch te montre ak fyète plak machin diferan Meday Onè Kongrè a, pami anpil lòt onè. Lwa Komemoratif Sèjan Gary Beikirch pral pèmèt Madam Beikirch ak tout konjwen Meday Onè yo montre plak diferan sa a, prezève eritaj ewo New York nou yo pandan y

ap onore kontribisyon enpòtan konjwen ak fanmi militè nou yo. Mèsi Depatman Veyikil a Motè paske nou te travay avèk ekip mwen an sou lwa sa a ak Gouvènè Hochul pou sipò li".

Lejislasyon (A.3305-B/S.5521-A) pral pèmèt konjwen benefisyè Meday onè Kongrè yo aplike pou plak machin diferan epi transfere plak machin benefisyè ki mouri yo bay konjwen sivivan yo. Chanjman an pral ede tou asire ke veteran ki pa kondwi oswa ki gen machin yo pa anrejistre sou non yo toujou kapab montre ak komemore sèvis veteran yo ak onè militè yo ak fyète.

Anplis de sa, yo nonmen lejislasyon sa a nan onè Sèjan Gary Beikirch, yon veteran Lame ki te resevwa Meday Onè Kongrè a pou sèvis egzanplè li pandan Lagè Vyetnam nan an 1970. Lwa sa a pral pèmèt madanm Sèjan Beikirch ak tout konjwen Meday Onè yo montre plak diferan sa yo, pou ede prezève eritaj ewo militè New York nou yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418